



Built to Lead

Pou piblikasyon imedyat: 6/24/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÒMANDASYON KI SOTI NAN GWROUP TRAVAY
POLINIZATÈ ETA NEW YORK**

***Plan Pwoteksyon Polinizatè Pral Sèvi kòm Gid pou Konsève ak Devlope
Popilasyon Polinizatè a ki Trè Enpòtan e nesèsè pou Anviwònman Eta a, Endistri
Agrikilti a***

***Gwoup Travay la Rekòmande pou Pwojè Resevwa Finansman pou Ankouraje
Sante ak Retablisman Polinizatè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a [rekòmandasyon](#) Gwoup Travay Polinizatè Eta New York la. Pou atake bès polinizatè yo ki te rive pandan dènye ane yo, ane pase, Gouvènè a te bay lòd a Komisyonè yo nan Depatman Agrikilti ak Mache e Depatman Pwoteksyon Anviwònman pou rankontre kiltivatè yo, enstitisyon rechèch ak dirijan endistri kle yo pou devlope yon plan pou konsève ak devlope popilasyon polinizatè yo toupatou nan tout eta a. Polinizatè – ki gen ladan divès kalite myèl ak papiyon – kontribye anpil nan ekonomi agrikòl eta a paske yo ajoute apeprè 350 milyon dola nan sèvis polinizasyon chak ane.

Gouvènè Cuomo te deklare, "Polinizatè yo enpòtan anpil pou ekosistèm nou an, menm jan yo enpòtan tou pou endistri agrikòl nan New York, epi travay Gwoup Travay lan pral ede nan efò n ap fè pou defèt bès enkyetan ki genyen nan popilasyon myèl la nan New York epi ede prezève ak amelyore sante anviwònman ak ekonomi Eta sa." "Mwen remèsye manm Gwoup Travay la pou efò yo fè epi mwen pa ka tann pou egzaminen rekòmandasyon yo."

Plan Pwoteksyon Polinizatè Eta New York la te kreye nan tèt ansanm avèk gwoup konsiltatif Gwoup Travay la, ki gen ladan divès kalite moun ki gen enterè dirèk nan domèn lan—ankontan kiltivatè yo, elvè myèl, aplikatè pestisid ak moun k ap travay pou pwoteje anviwònman an. Gwoup Travay la te fè kat reyinyon tab wonn ak gwoup konsiltatif la, epi li te mande kòmantè piblik la, sou gwo pwoblèm ki enpòtan anpil pou devlopman plan an. Apre rezilta sesyon chita tandè yo, ansanm ak opinyon moun ki gen enterè dirèk nan domèn lan, Gwoup Travay la te konsantre rekòmandasyon li yo sou kat domèn priyorite:

- Devlopman Pi bon Pratik Jesyon Volontèman pou tout moun ki gen enterè dirèk nan polinizatè, ki gen ladan elvè myèl, kiltivatè, pwopriyetè tè, ajans leta ak piblik la anjeneral;
- Efò pou amelyore kote polinizatè yo abite dekwa pou pwoteje ak fè

reviv popilasyon polinizatè natif natal yo ak polinizatè jere yo;

- Rechèch ak siveyans polinizatè yo pou konprann yo pi byen, anpeche ak retabli pèt polinizatè; ak
- Devlopman yon pwogram sansibilizasyon ak edikasyon piblik la sou enpòtans polinizatè yo, angaje piblik la pou li vin patisipan aktif pou chèche solisyon pou bèss polinizatè yo.

Komisyonè Depatman Pwoteksyon Anviwònman an, Basil Seggos te di, "Polinizatè yo se kle sante ekosistèm lan vrèman e mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li derape gwoup travay enpòtan sa a epi kreye plan pwoteksyon polinizatè a pou Eta New York." "Ak nouvo resous Fon Pwoteksyon Anviwònman an, epi plan sa a kòm gid nou, nou pa ka tann pou travay ak Depatman Agrikilti ak Mache, Pak Eta a, ak lòt patnè gwoup travay yo pou kòmanse mete ann aplikasyon rekòmandasyon ki priyorite yo ak kontinye amelyore sante polinizatè yo ak kote yo abite nan New York."

Komisyonè Agrikilti ak Mache Richard Ball te di, "Nou kontan prezante Plan Pwoteksyon Polinizatè Eta New York la, ki gen ladan pi bon pratik pou kiltivatè nou yo, pwopriyete tè, elvè myèl ak ajans eta yo, epi nou ka kòmanse travay sou anpil nan yo touswit." "Menmsi plis rechèch bezwen fèt, nou konnen kle pou defèt tandans yon popilasyon polinizatè k ap bese nan New York se yon metòd konplè ki egzaminen divès kalite pwoblèm ki kapab gen efè sou sante myèl yo. Plan Pwoteksyon Polinizatè a sèvi kòm yon pi bon premye pa, epi li ban nou yon plan pou kòmanse retablisman dirab myèl nou yo ak lòt polinizatè ki sitèlman enpòtan pou endistri agrikòl nou an. Mwen remèsye Gouvènè a pou angajman li pran pou sante polinizatè yo, ansanm ak manm yo nan Gwoup Travay la e gwoup konsiltatif gwoup travay la pou devouman yo nan pwosesis sa a."

Rose Harvey, ki se Komisyonè Biwo pou Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la, te di, "Plan Pwoteksyon Polinizatè a ansanm ak finansman li genyen an se yon gwo premye pa pou idantifye ak atake defi ki anfas ni polinizatè natif natal yo ni polinizatè jere yo toupatou nan eta a. "Sistèm pak New York yo, ki klase pami pi bon ki genyen nan monn lan sèvi non sèlman kòm yon refij pou polinizatè yo, men tou kòm yon salklas pou kliyan yo ak chèchè yo. Finansman ki prevwa nan plan an pou amelyorasyon kote polinizatè yo abite ansanm ak edikasyon pral pèmèt State Parks ogmante efò polinizatè toupatou nan eta a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Komisyonè Ball ak Seggos ansanm ak manm yo nan Gwoup Travay Polinizatè Eta New York la poutèt yo derape efò sa a."

Polinizatè yo kontribye anpil nan ekonomi eta a. Dapre Depatman Ameriken pou Agrikilti, polinizatè yo bay apeprè yon valè 344 milyon dola nan sèvis polinizasyon nan New York epi yo ajoute 29 milya dola nan valè pou pwodiksyon rekòt pou tout peyi a chak ane. Kapasite New York pou pwodui rekòt tankou pòm, rezen, seriz, zonyon, joumou ak chou depann an gran pati sou prezans polinizatè yo.

Rekòmandasyon Plan Pwoteksyon Polinizatè a

Sa ki gen enpòtans total kapital nan Plan Pwoteksyon Polinizatè Eta New York la se

devlope ak mete ann aplikasyon Pi bon Pratik Jesyon pou gide pwopriyetè tè/kiltivatè, elvè myèl kontraktè, elvè myèl kòm pastan, itilizatè pestisid ak ajans eta yo pou pwoteje popilasyon polinizatè jere ak natif natal ki egziste deja yo. Plan an souliyen tou efò k ap fèt deja nan divès kalite ajans leta pou defèt bès ki genyen nan polinizatè yo ak repare kote yo abite.

Malgre gen yon ogmantasyon nèf pousan nan pwodiksyon siwo myèl ane pase, elvè myèl nan New York kontinye gen bès nan popilasyon yo ke yo pa ka soutni. Pandan kat ane ki sot pase yo, rechèch tou resaman endike koloni polinizatè jere yo te bese nan plis pase 50 pousan alòske sèten polinizatè migratè gen bès nan plis pase 70 pousan. Sitiyasyon an vin pi grav akòz pèt nan kominote polinizatè natif natal yo ak kote ki ba yo soutyen pou yo abite.

Nan rapò li, Gwoup Travay la mete aksan sou nesosite pou gen rechèch konplè ki konsantre sou Eta a pou konprann sitiyasyon polinizatè natif natal yo pi byen nan Eta a ak faktè ki gen efè sou sante ak ranman polinizatè jere tankou polinizatè sovaj.

Aksyon Pou lavni ak Pwojè Polinizatè

Bidjè ki adopte pou 2016-17 prevwa \$500,000 nan Fon pou Pwoteksyon Anviwònman pou mete ann aplikasyon pwojè kle ki gen enpòtans total kapital pou siksè Plan Pwoteksyon Polinizatè a. Jan li endike an detay nan Plan an, fon sa yo pral sèvi pou fè plis rechèch sou efè pestisid yo ak aksyon ajan ki bay maladi/parazit yo genyen sou sante polinizatè jere ak natif natal yo, nitou efè pratik elvaj-myèl genyen sou ranman nich myèl jere yo. Finansman rechèch polinizatè a pral bay soutyen tou pou yon evalyasyon sou plizyè ane ke DEC ap fè sou sitiyasyon espès polinizatè natif natal yo ak fason yo gaye nan Eta New York.

Finansman EPF pral bay soutyen tou pou mete ann aplikasyon pi bon pratik jesyon volontèman ansanm ak aktivite sansibilizasyon ak edikasyon, ki gen ladan kreye jaden polinizatè ak tablo mesaj pou vizitè nan sèten anplasman Pak Leta, ak mete anplas Nouvo Ekip Teknik New York la pou Elvè Myèl, ki pral bay elvaj myèl k ap patisipe yo sipò teknik pou elvaj la prezizeman.

Ou ka jwenn [la a](#) tout rekòmandasyon ki priyorite yo nan Plan Pwoteksyon Polinizatè Eta New York la. Lè nouvo done rechèch ak siveyans vin disponib, Gwoup Travay la pral reyini ankò ak konseye li yo pou evalye rezilta yo epi mete Plan an ajou kòm sadwa ak pou mete ladan aksyon anplis ki amelyore.

Senatè Tom O'Mara, ki Prezidan Komite Pwoteksyon Anviwònman Sena a, te di, "Siveyans, pwoteksyon ak gerizon myèl natif natal ak myèl jere yo ansanm ak lòt popilasyon polinizatè natif natal yo enpòtan anpil pou fòs ak rezistans alavni pou sitèlman kiltivatè ak pwodiktè nou yo, ansanm ak endistri agrikòl la tou anjeneral nan New York ak eta yo toupatou nan Peyi a. Mwen gen anpil espwa rekòmandasyon sa yo ak kowòdinasyon san rete ak moun kle ki gen enterè dirèk yo nan domèn lan ap gide lidèchip ak aksyon eta a san rete pou mete anplas yon Plan Pwoteksyon Polinizatè ki gen siksè pou pandan lontan ak lòt estrateji sante. Se yon defi agrikòl, yon defi pou

anviwònman ak ekonomi ki enpòtan anpil."

Senatè Patty Ritchie te di, Prezidan Komite Agrikilti Sena a te di, "Ti bagay vivan, tankou myèl, papiyon ak kolibri gen yon gwo efè sou endistri agrikilti nan New York, e yo ede pwoteje e fè anviwònman nou an dire. Mwen kontan konnen rekòmandasyon Gwoup Travay la, epi mwen pa ka tann pou wè kijan nou ka derape ak yo pou ranfòse endistri prensipal New York piplis."

Manm Asanble Steven Englebright, Prezidan Komite Pwoteksyon Anviwònman Asanble a te di, "Nou bezwen defèt byen vit pwoblèm bès popilasyon polinizatè sovaj ak polinizatè jere yo. Bèt polinizatè yo, ki gen ladan myèl, zwazo, papiyon, vonvon ak lòt, yo enpòtan anpil pou ekosistèm eta nou an ak pou pwoteksyon manje. Fon pou Pwoteksyon Anviwònman ane sa a prevwa \$500,000 pou finanse eleman kle yo nan Plan Pwoteksyon Polinizatè New York la, ki gen ladan pi bon pratik jesyon, sansibilizasyon ak edikasyon piblik la, fè rechèch ak repare kote polinizatè yo abite."

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Komite Agrikilti Asanble a te di, "Myèl ak lòt polinizatè yo gen yon gwo efè dirèk sou valè ak pwodiksyon rekòt yo. Akòz bès nan popilasyon yo tou resaman, li enpòtan pou konprann defi ki gen nan endistri elvaj myèl ki gen ladan elvè myèl komèsyal, elvè myèl atanpasyèl, ak elvè myèl kòm pastan. Mwen apresye e bat bravo pou efò Gouvènè Cuomo, Komisyonè Ball, ak Gwoup Travay yo nonmen an, pou kreye yon Plan Pwoteksyon Polinizatè pou New York pou ede asire pwoteksyon polinizatè yo ak pèmèt yo rete vivan."

Kathryn J. Boor, Doyen Ronald P. Lynch nan Kolèj Agrikilti ak Syans Lavi te di, "Polinizatè yo trè souvan se ewo nan agrikilti ak sekirite manje ki pa jwenn ankenn rekonesans, men san yo anpil nan fwi New York ki gen pi gwo valè yo pa ta janm reyisi pwodui. Cornell University pa te kapab gen plis fyète pase sa pou travay syantis ak pèsònèl ekstansyon nou yo reyalize sou rapò sa a, epi nou pa ka tann pou nou kontinye kolaborasyon avèk Depatman Eta New York pou Agrikilti ak Mache, Depatman Eta New York pou Pwoteksyon Anviwònman, ak Biwo Eta New York pou Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik, dekwa pou asire ke polinizatè Empire State yo rete kontribitè solid pou byennèt anviwònman an ak ekonomi a."

Dean Norton, Prezidan New York Farm Bureau te di, "Polinizatè yo jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi agrikòl New York. New York Farm Bureau pral kolabore ak nouvo Plan Pwoteksyon Polinizatè a pou fè polinizatè yo dire piplis, yon bagay ki enpòtan anpil pou siksè agrikilti nan New York."

Rich Schrader, Direktè Politik ak Lejislatif pou Pwogram Konsèy Defans Resous Natirèl la te di, "Myèl yo nan danje grav men gen de mezi enpòtan nou ka pran pou sove yo: diminye itilizasyon pestisid danjere, epi ogmante plant natif natal ki adapte pou myèl. Plan pwoteksyon polinizatè Eta New York la se yon gwo pa pou asire ke myèl – ak ekonomi agrikòl nou ki depann sou myèl – kontinye boudonnen."

Direktè Egzekitif Audubon New York Erin Crotty te di, "Polinizatè tankou myèl, papiyon ak zwazo jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan fonksyonman ekosistèm nou an. Bès yo reprezante yon menas pou anpil endistri, biznis agrikòl, ak sistèm ekolojik annantye. Audubon New York felisite Gouvènè Andrew Cuomo poutèt li fè pwoteksyon Polinizatè yo yon priyorite e bay Moun New York yo enfòmasyon ak zouti yo bezwen pou jwe yon wòl aktif pou asire bon jan gerizon popilasyon espès sa yo ki enpòtan anpil."

###

Gen nouvèl anplis ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418